



Kijan pou Depoze yon Demann (Tribinal Siperyè nan New Jersey - Pati Sivil - Divizyon Dwa)

Ki Moun Ki Gen Dwa Itilize Blòk Done Sa a?

Ou dwe itilize blòk done sa a si ou vle mande jij la pou yon desizyon oswa yon lòd espesifik pandan pwosè ou. Nenpòt pati nan yon dosye gendwa pwodwi yon demann. Moun ki fè demann nan rele pati demandè. Egzanp petisyon yo gen ladan yo:

- Demann pou anile yon plent
- Demann jijman pa defo
- Demann anilasyon jijman pa defo
- Petisyon pou jijman aprè pwosè senplifye
- Demann rejte yon repons pou defo repons nan yon entèwogatwa
- Demann obligasyon Kominikasyon Pyès.

Mizangad: Gen kèk ka nan Pati Sivil la ki trè konplèks, epi ou ta dwe konsidere jwenn yon avoka. Gade enfòmasyon nan paj 2 ki gen tit "Eseye Jwenn Yon Avoka."

Remak: Dokiman sa yo te prepare pa Biwo Administratif Tribinal New Jersey pou itilize pa moun kap defann tèt yo nan tribinal san avoka. Gid yo, enstriksyon yo, ak fòm yo ap mete ajou regilyèman jan sa nesesè pou reflete lwa ak règ tribinal New Jersey ki an vigè kounye a. Vèsyon [fòm](https://www.njcourts.gov) ki pi resan yo ap disponib nan tribinal konte a oswa sou sit Entènèt Jidisyè a nan [njcourts.gov](https://www.njcourts.gov). Sepandan, ou menm pèsoneyman ki responsab pou kontni dokiman tribinal ou yo. Ak kèk eksepsyon limite, piblik la kapab konsilte nenpòt dokiman ki depoze nan tribinal la.

Ou dwe soumèt fòm ou ranpli yo nan konte kote w ap fè pwosè w. Yon lis sou Biwo Tribinal Siperyè ([Superior Court Offices](https://www.njcourts.gov)) disponib nan kontwa kliyan oswa nan sitwèb [njcourts.gov](https://www.njcourts.gov).

Bagay pou w Reflechi Anvan w Reprézante Tèt Ou nan Tribinal

Eseye Jwenn yon Avoka

Sistèm tribinal la ka parèt gen konfizyon, e li se yon bon lide pou jwenn yon avoka si ou kapab. Lalwa, prèw ki nesè pou prezante dosye ou, ak règ pwosedi ki jere dosye nan Divizyon Dwa, Seksyon Sivil yo konplèks. Depi gen reklamasyon enpòtan oswa jijman lou ki ka an je, pifò pledè ki parèt nan Divizyon Dwa, Seksyon Sivil la gen yon avoka. Si yo ap pouswiv ou, tanpri kontakte konpayi asirans ou pou wè si li ta ka bay yon avoka pou ou. Gen anpil chans ke advèsè ou ap reprezante pa yon avoka. Li rekòmande pou w fè tout efò pou w jwenn asistans yon avoka. Si ou pa ka peye yon avoka, ou gendwa kontakte pwogram sèvis legal nan konte ou a pou wè si ou kalifye pou sèvis legal gratis yo. Ou ka jwenn nimewo telefòn yo sou entènèt anba tèm “Èd Legal” oswa “[Sèvis Legal](#).”

Si ou pa kalifye pou sèvis legal gratis epi ou bezwen èd pou jwenn yon avoka, ou ka kontakte asosyasyon bawo nan konte ou a. Pifò asosyasyon bawo konte yo gen yon [Sèvis Rekòmandasyon Avoka](#). Sèvis Rekòmandasyon Avoka Bawo Konte a ka ba ou non avoka nan zòn ou ki dispoze okipe kalite dosye ou a, epi pafwa yo ka konsilte w pou yon frè redwi.

Gen plizyè òganizasyon avoka minoritè nan tout New Jersey, ansanm ak òganizasyon avoka ki okipe kalite dosye espesyalize yo. Mande pèsonèl tribinal konte ou a yon lis sèvis rekòmandasyon avoka ki gen ladan òganizasyon sa yo.

Si ou deside kontinye san yon avoka, dokiman sa yo eksplike pwosedi ou dwe swiv pou depoze dokiman ou yo kòrèkteman epi pou tribinal la konsidere yo. Dokiman sa yo pa bay enfòmasyon sou lwa ki kontwole reklamasyon ou oswa defans ou; enfòmasyon sou fason pou fè soumisyon pyè a konviksyon anvan jijman; enfòmasyon sou pwosedi altènatif pou rezoud dispit, tankou arbitraj oswa medyasyon, ki ka disponib oswa egziye nan ka ou; enfòmasyon sou kalite prèw ou bezwen pou pwouve reklamasyon ou oswa defans ou nan jijman; oswa enfòmasyon sou lòt règ pwosedi ak prèw ki kontwole pwosè sivil yo.

Kisa Ou Ta Dwe Espere Si Ou Reprézante Tèt Ou

Pandan ou gen dwa reprezante tèt ou nan tribinal, ou pa ta dwe atann tretman espesyal, èd, oswa atansyon espesyal nan men tribinal la. Sa ki anba a se yon lis kèk bagay pèsonèl tribinal yo ka fè pou ou ak sa yo pa ka fè pou ou. Tanpri li l avèk swen anvan ou mande pèsonèl tribinal la pou ede w.

- Nou *kapab* eksplike ak reponn kesyon konsènan kijan tribinal la fonksyone.
- Nou *kapab* di w kisa w egzijans yo ye pou tribinal konsidere dosye w la.
- Nou *kapab* ba w kèk enfòmasyon sou dosye ka w la.
- Nou *kapab* ba w echantyon nan fòm tribinal ki disponib yo.
- Nou *kapab* ba w konsèy sou kijan pou w ranpli fòm yo.

- Nou *kapab* souvan reponn ak kesyon konsènan delè tribinal yo.
- Nou *pa kapab* ba ou konsèy legal. Sèlman avoka ou kapab ba ou konsèy legal.
- Nou *pa kapab* di w si wi oswa non ou dwe pote dosye ou nan tribinal.
- Nou *pa kapab* ba w opinyon sou sa k ap pase si ou pote dosye ou a nan tribinal.
- Nou *pa kapab* rekòmande w yon avoka, men nou kapab ba w nimewo telefòn yon sèvis lokal rekòmandasyon avoka.
- Nou *pa kapab* pale ak jij la pou ou konsènan sa ki pral pase nan ka ou a.
- Nou *pa kapab* kite w pale ak jij la deyò tribinal la.
- Nou *pa kapab* chanje yon òdonans yon jij bay.

Kenbe Kopi Tout Papyè yo

Fè epi kenbe kopi tout fòm ou ranpli ak dokiman ki gen rapò ak dosye ou a.

Definisyon Mo ki Itilize nan Blòk Done Sa a

Advèsè (Adversary) – *Advèsè* ou nan yon pwosè se moun nan oswa moun yo ki gen pozisyon ki opoze ak ou. Nan yon ka kote gen sèlman yon plenyan ak yon defandan, si ou se plenyan an, advèsè ou se defandan an. Menm jan an tou, si ou se defandan an, advèsè ou se plenyan an. Nan pake dokiman sa a, lè yo di "siyifye advèsè w la", sa vle di siyifye avoka(yo) k ap reprezante advèsè w la(yo) ak/oswa nenpòt pati ki pa reprezante pa yon avoka.

Memo (Brief) - Yon *memo* se yon agiman ekri ou soumèt bay tribinal la kote ou prezante reyalyte yo ak istwa ka ou a, ansanm ak agiman legal ki soutni demann ou fè devan tribinal la nan petisyon ou a.

Demann Kalandriye (Calendar Motion) - Yon *demann kalandriye* mande tribinal la pou rann yon desizyon ki gen rapò ak pwogramasyon oswa kalandriye dosye w la, pa egzanp yon demann ki vize jwenn delè anplis pou soumèt dokiman. Anvan l fè yon demann kalandriye, pati demandè a dwe tante rezoud pwoblèm nan avèk pati oswa lòt pati ki nan dosye a.

Sètifikasyon (Certification) - Yon *sètifikasyon* se yon deklarasyon ekri ou fè lè ou depoze dokiman ou nan tribinal la, kote ou deklare ke tout enfòmasyon ki nan dokiman yo se laverite nan limit konesans ou.

Dat Limit Kominikasyon Pyès (Discovery End Date) - *Dat limit divilgasyon* an se dat tribinal la fikse kòm dènye jou pou fè divilgasyon nan ka w la.

Demann Kominikasyon Pyès (Discovery Motion) - Yon *demann kominikasyon pyès* mande tribinal la pou l pwononse sou yon faz nan pwosedi kominikasyon pyès, tankou yon demann ki vize jwenn repons pi espesifik ak kesyon yo oswa yon demann ki vize jwenn kèk depozisyon. Anvan l fè yon demann kominikasyon pyès, pati demandè a dwe tante rezoud pwoblèm nan avèk pati oswa lòt pati ki nan dosye a.

Nimewo Rejis (Docket Number) - *Nimewo rejis* la se nimewo tribinal la asiyen nan dosye ou pou li ka idantifye epi jwenn fasilman. Yon fwa ou gen yon nimewo rejis, ou dwe enkli li nan tout kominikasyon ou ak tribinal la.

Demann (Motion) - Yon *petisyon* se yon aplikasyon bay tribinal la pou yon lòd espesifik oswa yon desizyon ki fèt an favè moun ki fè patisyon an (pati ki soumèt petisyon an).

Jou Demann (Motion Day) - Tribinal yo tande demann nan jou espesifik (anjeneral vandredi) sou kalandriye tribinal la yo rele *jou demann yo*. Ou ka jwenn yon orè pou jou demann nan tribinal la nan men pèsonèl tribinal la oswa sou entènèt sou sit entènèt Jidisyè a sou nycourts.gov.

Definisyon Mo ki Itilize nan Blòk Done Sa a (kontinye)

Demandè oswa pati ki fè demann (Movant or moving party) - *Demandè oswa pati ki fè demann* nan se moun ki ap fè demann lan nan tribinal la.

Avi Demann (Notice of Motion) - Yon *Avi Demann* se fòm yo itilize pou enfòmè tribinal la ansanm ak tout pati anfas yo ke pati demandè a mande yon desizyon oswa yon òdonans espesifik nan men tribinal la

Pledwaye oral (Oral argument) - *Pledwaye oral* la vle di lè pati yo parèt devan tribinal la pou yo prezante pozisyon yo bay jij la an pèsòn. Chak pati gendwa mande yon agimantasyon oral, men desizyon sou si agimantasyon oral ap fèt depann de jij la. Si okenn nan pati yo oswa jij la pa mande yon pledwaye, desizyon sou demann nan ap fèt "sou pyès."

Pro Se (Pro se) - *Pro Se* vle di pou kont ou. Yon pledè *Pro Se* reprezante tèt li nan tribinal san èd yon avoka.

Prèv Ekspedisyon (Proof of Mailing) - *Prèv ekspedisyon* se fòm kote ou bay dat ak metòd ou te itilize pou remèt lòt pati yo kopi dokiman ou te depoze nan tribinal la.

Fòm Òdonans Pwopoze (Proposed Form of Order) - Yon *fòm òdonans pwopoze* se yon fòmilè ke jij la ka itilize swa pou akòde oswa refize re y ap chèche nan petisyon an. Chak petisyon dwe akonpanye ak yon *fòm òdonans pwopoze*.

Dat retou (Return date) - *Dat retou* a se dat kote tribinal la pral egzamine petisyon an. Si ou mande yon pledwari, ou dwe prezante devan jij la. Si pa t gen demann pledwaye, ka a ap decide "nan papye yo" Sa vle di, jij la pral pran desizyon sou petisyon an baze sou sa ki te soumèt nan dokiman petisyon yo ak dokiman opozisyon yo, san okenn moun parèt nan tribinal.

Jijman aprè pwosè senplifye (Summary Judgment) - Yon petisyon pou jijman aprè pwosè senplifye mande tribinal la pou rezoud ka a an favè pati ki soumèt petisyon an san yon jijman, paske pa gen okenn konfli sou reyaltite ka a epi lwa a soutni pozisyon pati ki soumèt petisyon an.

Etap ki gen nimewo yo ki nan lis anba a di ou ki fòm ou pral bezwen ranpli ak kisa ou dwe fè ak yo. Chak fòm ta dwe tape oswa ekri klèman sou papye blan 8.5" x 11" sèlman. Fòm yo pa ka depoze sou papye ki gen dimansyon oswa koulè diferan.

Etap pou Depoze yon Demann

Remak: Anvan ou depoze yon demann sou kalandriye oswa kominikasyon pyès, ou dwe kontakte avoka advèsè ou a oswa pati ki reprezante tèt li pou eseye rezoud kesyon an. *Sètifikasyon Konsènan Tantativ Rezolisyon* an enfòm tribinal la ke ou te pèsonèlman pale ak avoka a oswa pati ki reprezante tèt li san avoka epi ou pa reyisi rezoud pwoblèm nan **OSWA** ou te fè yon efò de bòn fwa men pa reyisi kontakte advèsè ou epi detaye etap ou pran pou etabli kontak **OSWA** ou te avize advèsè ou an ekri ke sof si demann kominikasyon pyès yo respekte, ou pral depoze yon demann.

ETAP 1: Ranpli Avi Petisyon an ak Sètifikasyon Konsènan Eseye Rezoud (Fòm A)

Nan *Avi Petisyon* an, ou enfòm tribinal la ak tout pati yo ke ou mande pou yon desizyon oswa lòd espesifik, epi ou presize kalite desizyon ou vle a. Petisyon yo tandè nan tribinal nan jou espesifik yo. Ou ta dwe jwenn orè petisyon an swa nan biwo grefye a oswa sou entènèt nan sit entènèt jidisyè a nan njcourts.gov.

Ou ta dwe chwazi yon jou pou petisyon an omwen 3 semèn apre dat ou poste dokiman petisyon ou yo pou bay advèsè ou 16 jou anvan dat retou a, jan règ tribinal yo egzije. **Remak: Si ou ap depoze yon petisyon pou jijman aprè pwosè senplifye, ou dwe depoze li pa pita pase 28 jou anvan lè ki espesifye pou dat retou a.**

Ou dwe endike si ou vle renonse diskisyon oral epi kite jij la deside sou petisyon an sèlman avèk dokiman yo, oswa ou pa vle sa. Ou ka mande yon pladwari nan tribinal la sèlman si advèsè ou opoze ak rekèt la, oswa ou ka mande yon pladwari pou kont ou. Si ou mande pledwari, ou dwe di tribinal la poukisa ou panse li nesèsè.

Remak: Jij la ap deside si ap gen pledwari ou pa. Jij la gendwa mande li menm okenn nan pati yo pa t mande l. Menm jan an tou, jij la gendwa refize demann pou yon pledwaye oral.

Si yo te enfòm w de dat limit kominikasyon pyès yo dwe fèt nan dosye ou a, ou dwe mete dwat la nan espas ki rezève pou sa. Si yo pa t bay yon dat, ou dwe tcheke deklarasyon ki endike pa t gen yon dat ki fikse.

Ou dwe endike tou nan *Avi Demann* an nenpòt dat tribinal la fikse pou konferans, abitraj, oswa jijman. Pou demann divilgasyon ak kalandriye, ou dwe ranpli *Sètifikasyon Konsènan Tantativ Rezolisyon* an pou enfòm tribinal la sou efò ou te fè pou kontakte advèsè w la pou rezoud pwoblèm nan pandan de semèn ki vini anvan ou pwodwi demann nan.

REMAK: Si se premye dokiman w ap depoze nan ka sa a (sa vle di, ou poko depoze yon repons a plent lan), ou **dwe** sètifye ke ou te retire (bife) nenpòt enfòmasyon pèsonèl ki idantifye moun (tankou nimewo Sekirite Sosyal, nimewo lisans chofè, nimewo plak machin, nimewo polis asirans, nimewo kont finansye aktif, nimewo kat kredi aktif, oswa enfòmasyon sou sitiyasyon militè yon moun) nan nenpòt dokiman ou depoze nan tribinal la, sof si lalwa, règ, direktiv administratif oswa lòd tribinal la egzije pou w enkli nenpòt nan enfòmasyon sa yo. Si yon kont finansye aktif se sijè ka w la epi ou pa ka idantifye l otreman, ou ka itilize kat dènye chif kont lan pou idantifye li.

Pa retire (bife) enfòmasyon sa yo nan dokiman orijinal yo ou kenbe a (tankou yon rapò aksidan lapolis) paske ou ka bezwen montre yo bay tribinal la nan yon pwen.

ETAP 2: Ranpli Sètifikasyon an Sipò a Demann nan ak Sètifikasyon Sèvis (Fòm B)

Sètifikasyon an *Sipò a Demann nan* di tribinal rezon ki fè ou swete jwenn desizyon ou te mande a ak rezon ki fè tribinal la dwe satisfè demann ou a. Ou dwe ranpli tou *Sètifika Sèvis* la ki di tribinal la dat ou te poste kopi dokiman yo bay advèsè a.

ETAP 3: Ranpli Fòm Òdonans Pwopoze (Fòm C)

Ranpli enfòmasyon yo jiskaske ou rive nan liy pou dat òdonans la. Kite sa a ak rès fòm nan vid. Tèm òdonans lan ap konplete lè jij la pran yon desizyon sou demann ou a.

Si ou ap depoze yon petisyon pou yon jijman aprè pwosè senplifye, ou dwe enkli tou yon memwa legal kote ou deklare reyalyte ka ou a ak lwa ki soutni pozisyon ou.

ETAP 4: Anekse frè pou prezante yon ka lajistis.

Frè pou depoze yon petisyon nan Tribinal Siperyè se \$50.00. Ekri yon chèk pou montan sa a fèt an favè *Trezorye, Eta New Jersey* oswa, si w ap depoze elektwonikman atravè Sistèm Elektwonik Dokiman Jidisyè a (JEDS), ou gendwa itilize yon kat kredi. **Remak: Si petisyon sa a se premye dokiman ou ap depoze nan tribinal la pou ka sa a (sa vle di ou pa t deja reponn oswa reponn lòt jan a plent la), frè depo a se \$175.00.**

ETAP 5: Verifye fòm ou ranpli yo

Verifye fòm ou yo pou asire ke yo konplè epi ke ou te siyen yo nan plas ki apwopriye yo. Fè omwen kat kopi nan fòm ou ranpli yo.

Lis Verifikasyon - Ou dwe gen atik sa yo:

- _____ Orijinal *Avi Petisyon an, Sètifikasyon yo*, ak fòm *Òdonans* ou pwopoze a (Fòm A, B, ak C). Si ou vle tribinal la voye ba ou yon kopi ki make "depoze," ou dwe mete yon kopi ak yon anvlòp tenbre ki gen adrès ou. Ou pral bezwen yon memwa pou sipòte yon petisyon pou jijman aprè pwosè senplifye.
- _____ Yon manda postal oswa chèk fèt an favè *Trezorye, Eta New Jersey* pou yon montan \$50.00 (\$175.00 si sa a se premye dokiman ou depoze), oswa, si w ap depoze elektwonikman atravè Sistèm Elektwonik Dokiman Jidisyè a (JEDS), ou ka itilize yon kat kredi.

_____ Yon anvlòp ki gen adrès ou sou li epi ki gen tenb, si ou vle yon kopi ki gen "te depoze" sou li.

_____ Yon kopi *Avi Demann* an, *Sètifikasyon* an, ak fòm *Òdonans* pwopoze a (epi memo a, si sa aplikab) pou siyifye avoka advèsè a oswa advèsè a dirèkteman si li *pro se*.

ETAP 6: Voye *Avi sou Petisyon an, Sètifikasyon an, ak Fòm Òdonans* Pwopoze a bay advèsè ou ak nenpòt lòt pati nan pwosè a pa lapòs.

Ou dwe remèt dokiman yo bay advèsè ou pa pita pase 16 jou anvan dat retou espesifye a sou *avi petisyon* ou an. [Si ou ap depoze yon *petisyon* pou jijman aprè pwosè senplifye, ou dwe depoze li pa pita pase 28 jou anvan lè ki espesifye pou dat retou a]. Pandan ke règ tribinal yo pa egzije pou ou itilize lapòs sètifye, li sijere ke ou voye mosyon ou a ak dokiman sipò yo pa lapòs regilye ak lapòs sètifye, ak resi retou mande. Ou pral gen kat vèt la lè yo retounen li ba ou kòm prèv ke dokiman yo te remèt.

ETAP 7: Voye fòm yo pa lapòs oswa remèt yo bay tribinal la.

Ou ka depoze papyè ou elektwonikman atravè JEDS, pa lapòs oswa an pèsòn avèk tribinal la. Adrès tribinal la disponib sou sitwèb Jidisyè a, njcourts.gov. Si ou voye papyè yo pa lapòs, nou rekòmande pou ou itilize lapòs sètifye, ak yon resi retou mande.

Voye pa lapòs, remèt an pèsòn oswa soumèt elektwonikman bay tribinal la *Avi sou Petisyon Orijinal la, Sètifikasyon an, ak fòm Òdonans* pwopoze a. Si ou vle tribinal la voye ba ou yon kopi papyè sa yo ki make "depoze," ou dwe enkli yon kopi adisyonèl ak yon anvlòp ki gen adrès ou ak yon tenb.

Kenbe kopi tout papyè ou bay tribinal la oswa nenpòt lòt pati. Fè epi kenbe pou tèt ou kopi tout fòm ou ranpli, ansanm ak chèk anile, manda postal, resi, bòdwo, estimasyon kontra, lèt, kontra lokasyon, foto, ak lòt papyè enpòtan ki gen rapò ak ka ou a.

Jidisyè a ap bay aranjman rezonab pou pèmèt moun ki gen andikap jwenn aksè ak patisipe nan evènman tribinal yo. Tanpri kontakte kòdonatè lokal ADA a pou mande yon aranjman. Enfòmasyon kontak disponib sou njcourts.gov.

Jidisyè New Jersey a bay sèvis entèpretasyon pou tribinal yo. Si ou bezwen yon entèprèt, fè tribinal la konnen pi vit posib. Enfòmasyon kontak disponib sou njcourts.gov.

Form A

Plaintiff or Filing Attorney Information:

Name _____

NJ Attorney ID Number _____

Address _____

Email Address _____

Telephone Number _____

Superior Court of New Jersey
Law Division

_____ County

Docket Number _____

_____,
Plaintiff,

v.

_____,
Defendant(s).

Civil Action

Notice of Motion

To:

TAKE NOTICE that the undersigned will apply to the above named Court located at

_____,
on _____, at 9:00 a.m. for an **Order** to (describe relief requested):

I will rely on the attached certification which contains the grounds for the relief sought.

Pursuant to R. 1:6-2(d), the undersigned: (check one)

- ☐ Waives oral argument and consents to disposition on the papers.
- ☐ Requests oral argument if this matter is contested.
- ☐ Requests oral argument for the following reasons:

A proposed form of Order is attached.

Form A
Court Dates

No pre-trial conference, arbitration proceeding, calendar call or trial date has been set except as follows: (If any dates have been scheduled, note them here; otherwise, state “none”)

Discovery End Date

- ☐ Discovery in this matter is scheduled to be completed on _____.
- ☐ A discovery end date has not been assigned to this matter.

**Certification Regarding Attempts to Resolve
(Required for discovery and calendar motions – check one)**

- ☐ I certify that I have personally discussed this matter with the attorney for the opposing party, or the opposing party if appearing *pro se*, in order to resolve the issues raised by this motion. This effort was not successful.
- ☐ I certify that I have made a good faith effort to personally discuss this matter with the attorney for the opposing party, or with the party if appearing *pro se*, in order to resolve the issues raised by this motion. The effort I made included the following action: (specify attempts to confer):

- ☐ I certify that I have advised the attorney for the opposing party, or the party if appearing *pro se*, by letter that if I will make this motion if she/he continues to fail to comply with my discovery request.

I certify that the foregoing statements made by me are true. I am aware that if any of the foregoing statements are willfully false, I am subject to punishment.

Date

Signature

Print Name

Form A

If this is the first paper you are filing in this case, you must sign the following certification.

I certify that confidential personal identifiers have been redacted from documents now submitted to the court and will be redacted from all documents submitted in the future in accordance with *Rule 1:38-77(b)*.

Date

Signature

Print Name

Form B

Plaintiff or Filing Attorney Information:

Name _____

NJ Attorney ID Number _____

Address _____

Email Address _____

Telephone Number _____

Superior Court of New Jersey
Law Division

_____ County

Docket Number _____

_____,
Plaintiff,

v.

Civil Action

_____,
Defendant(s).

Certification in Support of Motion

I, _____, am the (check one) ☐ plaintiff / ☐ defendant in the
above-captioned matter. I make this certification in support of my motion to: (state what you
want the court to do)

This motion should be granted because: (State the basis for your motion and why it should be
granted. Use extra paper if necessary.)

I certify that the above statements made by me are true and that if any of the statements are
willfully false, I am subject to punishment.

Date

Signature

Print Name

Form B

Certification of Service

I certify that on _____, I sent a copy of the Notice of Motion, Certification, and proposed form of Order to the following parties by: (check which mailing method you chose. If you sent it by both regular and certified mail, return receipt requested, check both)

☐ regular mail ☐ certified mail, return receipt requested

List each party to the lawsuit; use the attorney's name and address if the party is represented by counsel.

Name _____ Name _____

Address _____ Address _____

Attorney for _____ Attorney for _____

Date _____

Signature _____

Print Name _____

Form C

Plaintiff or Filing Attorney Information:

Name _____

NJ Attorney ID Number _____

Address _____

Email Address _____

Telephone Number _____

Superior Court of New Jersey
Law Division

_____ County

Docket Number _____

_____,
Plaintiff,

v.

Civil Action

_____,
Defendant(s).

Order

This matter having been brought before the Court on Motion of ☐ plaintiff / ☐ defendant for an Order (describe relief requested):

and the Court having considered the matter and for good cause appearing,

On this ____ day of _____, 20__, it is **ORDERED** as follows:

☐ **Opposed**

☐ **Unopposed**